


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

**MESAJ POU SÒLDA
KRIS YO**

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifiye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Entwodiksyo	5
2- Mesaj pou moun k'ap mete bann kondisyon pou fè travay Bondye a	5
3- Mesaj pou moun k'ap sabote travay Bondye a	7
4- Mesaj pou moun ki pa motive pou travay Bondye a	8
5- Mesaj pou moun ki refize fè travay Bondye a.....	9
6- Mesaj pou moun k'ap fè travay Bondye a ak kè kontan.....	9
7- Dènye Avètisman	10
Envitasyon	11

MESAJ POU SÒLDA KRIS YO

1- Entwodiksyon

Chè frè ak chè zanmi, nan moman sa yo nan fen tan an, kote nou gen sèlman yon ti tan pou rebati miray la, anvan son tronpèt la, nou jwenn li enpòtan pou lanse yon apèl bay tout vrè Sòlda Bondye yo, e ak tout ipokrit yo ak mantè yo ki fè tèt yo pase pou vrè Sòlda Bondye, pou ke chak moun revize pozisyon li byen, e ke chak moun klèman afime ak konfime chwa li, dapre enstriksyon Jezi yo nan **Revelasyon 22:10-15** ¹⁰*Après sa, li di mwen: Pa sere pawòl Bondye ki nan liv sa a. Paske, anvan lontan tout bagay sa yo pral rive.* ¹¹*Mechan yo mèt plede ap fè toujou sa ki mal. Moun ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye yo mèt kontinye fè sa ki pa dakò ak sèvis Bondye a. Moun ki bon yo mèt kontinye fè sa ki byen. Moun k'ap viv pou Bondye yo mèt kontinye viv pou Bondye.* ¹²*Jezi di: Koute, m'ap vin talè konsa. M'ap pote rekonpans m'ap bay la avè m', pou m' bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.* ¹³*Se mwen menm ki A ak Z, se mwen menm ki premye ak dènye, se mwen menm ki kòmansman ak finisman.* ¹⁴*Benediksyon pou moun ki lave rad yo, pou yo sa gen dwa manje fwi pye bwa ki bay lavi a, pou yo ka pase antre nan pòtay lavil la.* ¹⁵*Men, mete nou deyò, bann chen, nou menm moun k'ap fè maji, moun k'ap fè imoralite, ansasen, moun k'ap sèvi zidòl, ansanm ak tout moun ki pa renmen verite a men ki pito bay manti."*

2- Mesaj pou moun k'ap mete bann kondisyon pou fè travay Bondye a

Chè zanmi, nou menm ki angaje tèt nou swadizan pou fè travay Bondye a, epi pou fè li, sèvi ak riz pou mande swa ekipman travay, oswa yon sipò materyèl ou finansye pou yon rezon oubyen pou yon lòt, oswa yon reminerasyon ki pa di non l', men mesaj Bondye pou nou.

Premyèman: Li tan ke pou nou konprann ke tout moun k'ap sèvi Bondye fè li pou pwòp byen li. Nan sèvi Bondye, se benediksyon nou ke n'ap chèche, se pa benediksyon Bondye. Bondye pa bezwen benediksyon ankò, Li deja beni. Lè n ap travay pou Bondye, se kouwòn nou yo ke nou ap chache, se pa kouwòn Bondye. Bondye pa bezwen kouwòn ankò, Li deja genyen yo. Lè nou investi fòs fizik nou, lajan nou ak talan nou yo pou sèvis Bondye a, se trezò nou yo ke n ap anpile, se pa trezò Bondye yo. Bondye pa bezwen trezò ankò, Li deja genyen yo.

Dezyèmman: Nou dwe konprann ke fè travay Bondye a se yon sakrifis. Bondye Li menm te chwazi pou sakrifye sèl Pitit Li a pou sove nou. Jezi sèl Pitit Bondye a te sakrifye tèt Li pou nou, pou nou ka gen bonè etènèl ki ap tann nou apre lavi sou tè mizè sa a. Epi chak vrè pitit Bondye dwe sakrifye tèt li tou pou laglwa Mèt li Jezi Kris, e pou sali tout moun sa yo ke Jezi te vin mouri pou yo a.

Twazyèmman: Li enperatif ke pou nou konprann ke nou pa fè Bondye okenn favè pou sèvi L', e ke nou egalman pa fè okenn favè a Sèvitè Bondye a nan fè travay Bondye. Olye de sa, nou fè tèt nou yon gwo favè nan sèvi Bondye. **Se yon privilèj pou nou sèvi Bondye.** Sispann fè chantaj sou Bondye ak Sèvitè Bondye a lè nou vle fè travay Bondye a. Si nou pa vle sèvi Bondye, pa fè'l. Si

nou kwè nou fè nenpòt ki favè bay Bondye oswa Sèvitè L' yo nan fè travay Bondye a, pa fè l' ankò.

Mwen gen yon revelasyon enpòtan pou nou. Li se sa a: **"Ke nou travay pou Bondye, oswa nou pa travay, travay Bondye a ap fèt. Kit nou sèvi Bondye, oswa refize sèvi L', sèvis Bondye a ap fèt. Pa gen anyen, e pa gen moun, ki ka sispann travay Bondye a."** Se konsa, sispann chantaj la, li initil.

Anvan nou te fèt, travay Bondye a t'ap fèt, epi apre nou, travay Bondye a pral fèt. Se konsa, Bondye pa nesesèman bezwen nou pou travay Li. Avèk nou oswa san nou, travay Li a pral fèt. Se vre, nou enpòtan pou travay Bondye a si nou chwazi fè tèt nou itil, men nou pa endispansab, epi nou pa janm sa. **Pa gen moun ki endispansab.**

Medite avèk mwen pasaj sa a nan **Malachi 1:6, 8; 13-14:** *"⁶Senyè ki gen tout pouvwa a ap pale ak nou koulye a, nou menm prèt yo ki pa respekte l'. Li di nou konsa: Yon pitit fèt pou l' respekte papa l'. Yon domestik fèt pou l' gen krentif pou mèt li. Mwen se papa nou. Poukisa nou pa respekte m'? Mwen se mèt nou. Poukisa nou pa gen krentif pou mwen? Epi nou gen kouraj pou nou di: Ki jan nou derespekte ou la? ⁸**Lè nou mennen yon bèt je pete pou yo touye pou mwen, atò, sa se pa bagay ki mal? Lè nou mennen yon bèt k'ap mache bwete, yon bèt tou malad, sa se pa bagay ki mal? Donk w'ap ofri'l bay gwo chè ou a! Èske l'ap kontan? Èske la ba ou yon favè? ¹³... **Nou pran bèt nou vòlò, bèt enfim, osinon bèt malad, nou vin ofri ban mwen. Senyè a mande nou: Nou kwè mwen ka aksepte bagay konsa nan men nou? Se Senyè a ki mande nou sa. ¹⁴**Madichon pou moun k'ap twonpe m' yo. Yo vin ofri bèt ki pa bon pou yo touye pou mwen epi yo kite bon ti mal yo te pwomèt y'ap ban mwen an nan bann mouton yo. Paske, se yon wa ki gen anpil pouvwa mwen ye. Moun tout nasyon va respekte m'. Se Senyè ki gen tout pouvwa a ki di sa."*******

Ki sa Bondye di nan pasaj sa a?

Senyè a revele nou isit la ke Li pran plezi sèlman nan ofrann ki koute ou yon bagay, e ki konstitye yon sakrifis pou ou. Lè ou pa pare pou ofri Bondye sa ki koute ou chè, ou pa renmen Li. Lè ou rapid pou ofri bay Bondye sèlman sa ou te vòlò, oswa sa ou te ranmase, oswa sa ki pa sèvi anyen, w'ap moke Bondye. Li pa aksepte jan de ofrann sa yo.

Bondye pou sove nou pa t' voye yon ti mouton chetif, oswa yon mouton malad, oswa nenpòt ki zanj, Li te voye sèl Pitit Li a, sa Li te renmen plis la. Sa se yon vrè sakrifis, e se kalite ofrann sa a Bondye te chwazi pou fè pou nou. Poukisa nou dwe fè ofrann san valè pou Li an retou? Poukisa nou dwe an retou fè pou Li yon swadizan sakrifis ki pat koute nou anyen? Bondye p'ap aksepte yo.

1Kronik 21:24 *"Men wa David reponn Onan, li di l': -Non. Se achte m'ap achte. Se pou m' peye ou sa yo vo. **M' pa ka ofri Senyè a sa ki pou ou. Mwen p'ap pran anyen ki pa koute m' lajan pou m' ofri bay Letènèl."** Se konsa, si nou vle pou travay pou Bondye, nou dwe mete kè nou ladann, anprèsman nou,*

ak tout mwayen nou. Pa di nou vle travay pou Bondye, e nou ap tann ke yo mete a dispozisyon nou tout bagay ke nou bezwen. Sa se vle ofri **yon bèt avèk tankou yon sakrifis bay Bondye**; se vle ofri Li **yon bèt k' ap mache bwete oswa enfim**; se vle prezante bay Letènèl **sa ki pa pou nou, sa ki pa koute nou anyen**. Chak vrè pitit Bondye sipoze sèvi Bondye avèk anprèsman, **paske se yon glwa pou nou sèvi Bondye**.

Nou jwenn plizyè ipokrit jodi a, sa yo rele pitit Bondye yo, ki, lè fòk yo rive achte bann nouvo pè soulye chè pou ofri tèt yo pou fè wè yo, nouvo rad ki koute chè pou parèt, telefòn mobil dènye pri, ak lòt bagay ki pa nesèsè epi pafwa initil, yo pa janm manke lajan. Men, le pli vit ke li nesèsè pou fè travay Bondye a, yo mande pou yo achte yo pou yo, oswa pou mete a dispozisyon yo, sa yo rele ekipman travay yo; bann lòt moun mande ke yo bay yo sa yo rele yon ti motivasyon. Yo pare pou prezante bay Letènèl sèlman **sa ki pa pou yo**.

Pou nou menm ipokrit yo, ki pase tèt nou kòm pitit Bondye, men ki pa ka fè anyen pou Bondye san yo pa peye nou, konnen ke se pa nan Syèl Jezi Kris la ke nou pral antre ak yon kè mechan konsa. Nou sou chemen Lanfè a. Sispann twonpe tèt nou. Kè nou plen avaris ak lanvi nan tout kalite. Nou vle eksplwate tout ti opòtinite ki ofri ak nou, pou fè li yon opòtinite pou fè lajan. Renmen lajan, repanti!

Lè nou pa janm manke lajan pou achte atik vanite yo, lè nou toujou gen mwayen pou bann bagay enpòtan nan je nou, epi nou manke mwayen sèlman lè li nesèsè pou fè travay Bondye a, lè nou gen tan chak fwa pou fè pwòp bagay nou yo, e nou sèlman manke tan lè li nesèsè pou fè travay Bondye, nou se youn nan moun ki **gen yon mal nan bann mouton li yo, epi ki konsakre epi sakrifye yon bèt ki pa bon bay Senyè a. Nou se bann twonpè, bann vrè vòlè**.

Senyè a pa t' sakrifye tèt li pou nou pou ke nou pa kapab sèvi L' nan yon fason dezenterese. Si Bondye te espere yon nenpòt materyèl oswa reminerasyon nan men nou anvan pou sakrifye sèl Pitit Li a pou nou, Li pa tap janm fè li. Men, si Pitit Bondye a te espere yon nenpòt materyèl oswa yon nenpòt ti motivasyon nan men nou anvan li vin mouri pou nou, Li pa tap janm te vini. Sa a se vrè renmen an. Nou pa ka pretann nou renmen Bondye lè nou pa kapab fè anyen pou Li san nou pa fè yo peye nou oswa san nou fè yo sipliyè nou.

Konklizyon: Si nou vle yo peye nou pou fè travay Bondye a, pa fè li. Si nou vle nou ba nou ekipman pou travay ak bann ti motivasyon, pou nou fè travay Bondye a, pa fè li. Si nou vle nou sipliyè nou pou nou fè travay Bondye a, pa fè li. **Avèk nou oswa san nou, travay Bondye a ap fèt**. Mwen pa pral achte okenn moun pou yo fè travay Bondye a. Jou kote pap gen okenn moun ankò menm pou fè travay Bondye a, Senyè a pral menm reveye wòch yo pou fè l'.

3- Mesaj pou moun k'ap sabote travay Bondye a

Nou menm tou bann swadizan pitit Bondye, ki dakò fè travay Bondye a, men ki **volontèman** chwazi sabote travay Bondye a. Sa vle di ke moun sa yo chwazi volontèman, swa pou fè travay la nan yon fason enkonplè, oswa konsyamman

ak volontèman mete fot nan travay Bondye a, oswa pou ajoute nan travay la sa ki pa egziste. Konnen ke fay sa a trè grav. Sa a pa diferan de pale mal sou Sentespri a. Ke se moun ki volontèman ansenye manti bay pèp Bondye a, oswa moun ki volontèman sabote travay Bondye a, objektif la se fè esprè pou tounen lwen Bondye; objektif la se fè esprè pou twonpe moun ki ap chèche Bondye yo. **Bondye p'ap janm padone nou pou sa. P'ap janm.** Ke mesaj sa a klè pou tout ajan satan ki pran risk sa yo. Lanfè nou an pral pwopòsyonèl ak mechanste nou an.

4- Mesaj pou moun ki pa motive pou travay Bondye a

Pou moun nan nou ki pa motive pou travay Bondye a, konnen ke se pwòp benediksyon nou ke nou meprize. Nou se sètènman bann Ezawou. Benediksyon yo pa di nou anyen nan moman an. Lè a ap vini lè benediksyon sa yo ap di nou yon bagay, men li pral twò ta. Benediksyon ke nou meprize jodi a, nou pral chèche yo ak dlo nan je nan jou kap vini yo, pou gremesi. Kenbe nan tèt nou ke nou pa pral kite tè a ak anyen. Nenpòt bagay ki sanble fè nou kontan oswa fè nou fyè kounye a, nou pral separe ak li volontèman oswa pa fòs nan jou kap vini yo. Pa gen anyen ki pral kite tè a avèk nou. Anyen. Menm si nou vle.

Ann medite sou pasaj ki anba yo:

Jenèz 25:29-34 ²⁹Yon jou, Jakòb te fin kwit yon bon bouyon, Ezawou antre sot nan jaden, li te bouke anpil. ³⁰Li di Jakòb konsa: -M'ap mouri grangou. Tanpri, ban m' ti gout nan bouyon pwa wouj ou a. Se poutèt sa yo te bay Ezawou yon lòt ti non. Yo te rele'l Edon. ³¹Men Jakòb di l': -M'ap ba ou ti gout si ou vann mwen dwa ou kòm premye pitit. ³²Ezawou reponn: -Dakò. Mwen pral mouri. **Kisa dwa kòm premye pitit la ap sèvi m'?** ³³Jakòb di li: -Fè m' sèman anvan. Ezawou fè sèman ba li, li vann li dwa l' kòm premye pitit. ³⁴Lèfini, Jakòb ba li pen ak ti gout nan bouyon pwa a. Ezawou manje, li bwè. Li leve, li pati. Konsa, Ezawou **te meprize** dwa li kòm premye pitit."

Ebre 12:15-17 ¹⁵Pa kite pèsonn vire do bay favè Bondye a. Pa kite pèsonn tounen tankou yon plant anmè k'ap pouse rasin k'ap anpwazonnen lòt yo. ¹⁶Pa kite Pesonn tonbe nan move vis, **ni pèdi respè yo dwe genyen pou bagay ki fèt pou respekte, tankou Ezawou ki te vann dwa li kòm premye pitit pou yon plat manje.** ¹⁷Nou konnen ki jan **pita, lè li te vle resevwa benediksyon papa li, yo te mete l' sou kote. Malgre tout kriye li te kriye bay papa a, pa t' gen mwayen chanje sa ki te fin fèt la.**"

Kite'm eksplike ki moun ki Ezawou yo. Ezawou yo se moun ki panse sèlman nan prezan an. Lavni an pa di yo anyen. Ki sa ki enpòtan pou yo se prezan an, kounye a la a. Tout sa yo vle se sa yo wè kounye a ak je yo. Pale ak yo sou benediksyon lavni an se yon ti jan fou. Yo pa gen okenn enterè nan sa yo pa wè. Lè yo ankouraje yo pou fè travay Bondye a avèk anprèsman, nan raple yo ke kouwòn lan ap tann vrè Sòlda Bondye yo, yo di tèt yo tankou Ezawou **kisa kouwòn ap sèvi m'?** Lè a ap vini lè yo pral **kriye pou kouwòn sa a, men repantans yo a pa pral chanje sa ki te fin fèt la.** Lè Ezawou meprize benediksyon an, li te panse sèlman nan prezan, li pa t' imajine ke lavni t'ap vini. Lavni an te vini, li te vin yon lòt prezan, yon lòt kounye a, men yon kounye a ki te soti mal pou li.

Jeremi 48:10 "Madichon pou moun ki pote neglijan nan fè travay Senyè a! Madichon pou moun ki derefize touye nan lagè a!" Non sèlman ou dwe angaje tèt ou pou fè travay Senyè a, ou dwe fè li san neglijan

5- Mesaj pou moun ki refize fè travay Bondye a

Pou tout moun ki refize fè travay Bondye a, konnen ke Bondye te kreye nou pou sèvi L', pou fè travay Li. Sonje yon fwa pou tout ke **fè travay Bondye a se pa yon opsyon pou nou, men yon obligasyon**. Si nou vle fè tèt di, santi nou lib, epi nou pral konprann li nan jou kap vini yo.

Matye 25:24-30 "24Aprè sa, domestik ki te resevwa sèlman yon talan an pwoche, li di: Mèt, mwen konnen ou se yon nonm ki di. Ou rekolte kote ou pa t' simen, ou ranmase kote ou pa t' plante. 25Mwen te pè, se sak fè mwen te al sere talan'w lan anba tè. Men, pran lajan ou. 26Mèt la reponn li: Gade jan ou se yon move domestik, ou parese konsa! Ou te konnen mwen rekolte kote mwen pa t' simen, mwen ranmase kote mwen pa t' plante. 27Enben, se pou ou te mete lajan m' labank. Lè m' ta tounen, mwen ta wete manman lajan an ak yon enterè sou li. 28Wete talan an nan men l', pran l' bay sa ki gen dimil (10.000) talan an. 29Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò; konsa la gen depase sa l' bezwen an. Men, moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan men l' menm ti sa l' te genyen an. 30Kanta domestik ki pa vo anyen an, jete l' deyò nan fènwa a. Se lè sa a va gen rèl, se lè sa a va gen manje dan."

Èske nou konnen poukisa Bondye ap voye nou nan Lanfè pou refize fè travay Li? Mwen eksplike nou li: fòs fizik nou genyen an, se Bondye ki ban nou li. Sante nou genyen an, se Bondye ki te ban nou li. Entèlijans nou genyen an, se Bondye ki te ban nou li. Bon konprann nou genyen an, se Bondye ki te ban nou li. Epi Li te ban nou tout bagay sa yo kòm ekipman pou travay la, pou sèvi L'. Se konsa, si nou pran ekipman travay la, e refize travay, nou konnen sa ki ap tann nou: **Rèl ak manje dan** nan touman ki p'ap janm fini an. Chwa a se pou nou.

6- Mesaj pou moun k'ap fè travay Bondye a ak kè kontan

Pou nou tout ki renmen Senyè a ak tout kè nou, ki gen krentif pou Senyè a, epi k'ap travay pou Bondye ak anprèsman, ak kè kontan, ak devouman, e nan fason totalman dezenterese, konnen ke nou pa gaspiye tan nou. Se benediksyon nou ke nou ap akimile. Nou ap bati kay nou nan Peyi Wa ki nan Syèl la. Nou ap anpile richès etènèl nan Syèl la, **kote vè ak lawouy pap ka detwi, e kote vòlè pap ka vòlè**. Matye 6:19-20. Kanpe fèm jouk nan fen, epi nou pa pral regrèt sa.

Ann medite sou pasaj ki anba a:

2Jan 1:8 "Veye kò nou byen **pou nou pa pèdi benefis travay nou an**, pou nou ka resevwa tout rekonpans nou."

1Korint 2:9 "Men, jan sa te ekri nan Liv la: **Bagay pèsonn pa t' janm wè, ni pa t' janm tande, bagay ankenn moun pa t' janm mete nan tèt yo**, se sa Bondye te pare pou **moun ki renmen li**."

Se pou nou fredone ti kè sa a ki di: ***"Syèl la bèl e mèveye, Syèl la bèl e manyifik!"***

7- Dènye Avètisman

Nou menm ki chak fwa kontakte nou pou di ke nou vle angaje nan travay Bondye a, epi lè yo te ban nou opòtinite sa a, nou pase pa riz, pou satisfè lanvi ki nan kè nou an nan mande sa yo rele ekipman travay ak lòt èd nan tout kalite, sa a se dènye fwa a. Nou pa isit la pou pran plezi nou. Nou isit la pou travay pou Bondye, ak fè l' ak kè kontan. Nou pa fè okenn moun peye nou, e nou pa sipòte ipokrit renmen lajan yo ki apwoche yo sou nou pou pa travay, men pou satisfè renmen lajan yo a. Nou pa pare pou achte okenn moun pou fè travay Bondye a, ni pou peye okenn moun pou fè travay Bondye a. Nou pare pou aksepte nan ekip travay la, tout moun ki renmen Senyè Jezi Kris ak tout kè yo, ki gen krentif pou Li, epi ki pare pou travay pou Bondye ak anprèsman, ak kè kontan, ak devouman, e nan fason totalman dezenterese. Si nou se youn nan yo, santi nou lib pou kontakte nou. Sinon, evite distrè nou.

Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!